



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON OUVRI POU BOUSDETIS 'NURSES FOR OUR FUTURE'

Kounye a yo kouvri frè eskolarite pou 1,000 travayè swen sante nouvo oswa aktyèl yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti peryòd aplikasyon pou Bousdetid "Nurses For Our Future" (Enfimyè Pou Lavni) la. Bousdetid la pral kouvri ekolaj pou 1,000 travayè swen sante nouvo oswa aktyèl yo pou yo ka resevwa yon Diplòm Asosye nan Enfimyè (ADN) oswa yon Lisans Syans Enfimyè (BSN) nan yon kolèj oswa inivèsite eta New York ki dire de zan oswa kat ane.

"Pandan de dènye ane yo, enfimyè New York yo te devan liy pandemi COVID-19 la, epi nou dwe yo chak yon dèt rekonesans", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap kontinye konbat viris la, bousdetid 'Nurses For Our Future' la pral ofri yon opòtinite enpòtan pou pwochen jenerasyon enfimyè yo pou resevwa yon edikasyon siperyè epi asire yo prepare yo pou ede pwoteje sitwayen Nouyòkè yo lè yo bezwen sa plis."

Depi kòmansman Pandemi COVID-19 la, lopital yo t ap fè fas ak yon rate mendèv ak yon afliyans pasyan anmas. Pwogram bousdetid Nurses For Our Future la se yon etap enpòtan ki fèt pou rekrite epi resikle pwofesyonèl enfimye ak swen sante yo pou sèvi nan NYSRN nan ki gen plis bezwen. Gen plis pase 9,300 opòtinite travay pou Enfimyè Sètifye nan Eta New York. Bousdetid la vle di 1,000 etidyan anplis ka antre nan yon pwogram enfimyè swa nan SUNY oswa nan CUNY. Etidyan yo ap kapab konplete pwogram yo ak yon orè fleksib, swa tan pasyèl, oswa tan konplè.

Pat Kane, RN, Direktè Egzekitif Asosyasyon Enfimyè Eta New York (New York State Nurses Association, NYSNA), te deklare, "Enfimyè yo te toujou kolòn vètebral sistèm swen sante eta nou an, yon reyalye ki vin pi klè toujou depi kòmansman pandemi COVID-19 la. Mwen vle remèsye administrasyon Gouvènè Hochul la paske li rekonèt kontribisyon yo, li ofri bous sa a, ak elaji opòtinite pou aktyèl ak aspiran travayè swen sante yo aprann konpetans yo bezwen pou pi byen sèvi pèp Eta New York la."

Y ap bay jiska 500 bous detid pou enfimyè ki gen lisans andeyò eta ki deplase epi pratike nan Eta New York pou yo ka resevwa yon BSN, 250 pou enfimyè ki gen lisans Eta New Yorka pou yo resevwa yon BSN epi, 250 pou rezidan Eta New York ki fèk ap chèche yon ADN.

Bos detid yo pral kouvri frè eskolarite aktyèl yo ke kolèj osa inivèsite piblik la chaje pou kat semès aplentan yo. Prim yo pral pwopòsyonèl pou benefisyè ki frekante mwens ke aplentan epi bous detid yo pa pral kouvri lòt depans pou prezans, tankou frè yo, lojman ak pansyon, oswa lòt depans.

Efò sa ap ensite rezidan Eta New York yo pou yo aktif nan domèn swen sante pou yo amelyore konpetans yo nan pakou karyè yo epi avanse edikasyon yo atravè sistèm SUNY oswa CUNY.

Pwogram Nurses For Our Future ki dewoule atravè SUNY ak CUNY pral rekrute epi resikle pwofesyonèl enfimiyè ak swen sante, ak frè ekolaj ki konplètman kouvri. Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor) pral ede tou komèsyalize nouvo opòtinite nan endistri swen sante a bay moun k ap travay kounye a nan domèn nan oswa moun ki p ap travay.

Anplis, Depatman Travay Eta New York pral ede komèsyalize nouvo opòtinite sa yo pou travayè ki la deja ak moun ki nan chomaj, ki enkli opòtinite ki disponib atravè Sant Opòtinite Edikatif SUNY an pou sètifikasyon nan nivo antre nan pwogram ki gen anpil demand ki enkli Asistan Enfimiyè Sètifye, Pratisyen Enfimiyè Otorize, ak Èd Enfimye Adomisil.

Yo dwe konplete enskripsyon yo [isit la](#).

Lè yo transmèt avèk siksè yon fòm enskripsyon sou entènèt ki ranpli, chak patisipan pral enskri nan tiraj la.

Pou plis enfòmasyon, vizite: <https://www.governor.ny.gov/programs/nurses-our-future-scholarship>

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418